ҳаракатчанлик билан ривожланиб борар экан, бу қадриятлар аста-секин заифлашиб боради. Малайзиялик шаҳарликларнинг қишлоқдаги оилалари билан алоқада бўлиш қийинроқ бўлиши аниқ, аммо барибир улар буни энг яхши ҳаёт тарз деб билишади.

Малайзияликлар билан танишганингиздан сўнг, улар сизни ўз оиласи ва дўстлари даврасига жалб қилмоқчи бўлиб, сизни малай тилида "ака", "сингил", "хола", "амаки" деган номлар билан чақираётгандек туюлиши мумкин. Севги туйғуси нафақат қариндошларга, балки оила билан боғлиқ ижтимоий мажбуриятларга риоя қилиш Малайзия жамиятининг ўзига хос хусусияти ҳисобланади.

Малайзияликлар мустаҳкам оилага йўналтирилган, улар ўз фарзандлари билан фахрланадилар ва уларга катта қизиқиш билдирадилар. Кичкина болалар бу ерда шунчаки меҳр-муҳаббат билан чўмилишади, улар ҳамма нарсада эркалашади ва завқланишади. Малайзияликлар ўз оилангиз ҳақида, айниқса фарзандларингиз бўлса, хушмуомалалик билан саволлар беришлари аниқ. Малайзияликлар кучли бирдамлик туйғусига эга, бу эса шахсий манфаатларни жамоавий ишлар ва эҳтиёжларга бўйсундириш тенденциясидан келиб чиқади. Бундай вазиятда ижтимоий меъёрлардан четга чиқиш қийин бўлади. Шунинг учун Малайзияда мувофиқлик даражаси Ғарб мамлакатларига қараганда юқори, ҳамкорлик ва жамоат ҳаётида иштирок этиш юқори баҳоланади.

Малай тўйлари ранг-баранг тадбирлар кўринишида ўтади. Одатда тўй келиннинг уйида ўтказилади ва куёв у ерга тўй совғаларини кўтариб, қўшиқ куйлаш ва дафлар жўрлигида бутун кортеж билан келади. Таклиф этилган меҳмон сифатида сиз тўй конвертида ёки уй-рўзғор буюмларидан совға беришингиз мумкин, буни келиннинг уйида унинг оила аъзоларига (кўпинча ота-оналарга) эҳтиёткорлик билан тақдим этишингиз мумкин.

Тўй одатлари минтақадан минтақага фарқ қилиши мумкин ва кўп нарса тўй шаҳарда ёки қишлоқда ўтказилишига боғлиқ. Келин ва куёв одатда мўл-кўл ишланган ипак брокар либосларида кийинадилар, келин кўплаб анъанавий малай олтин ва кумуш безаклари билан безатилади.

Меҳмонлар учун маросимнинг асосий элементи, овқатдан ташқари, берсандинг ("ўтириш" ёки тахтга ўтириш). Бу маросимда келин ва куёв ёнма-ён жим ва осойишта, кўзлари пастга қараган ҳолда ўтиришади. Улар одатда безакли стулларда ёки баланд платформада ёки безакли диванда ёки каравотда ўтиришади. Катта оила аъзолари ва дўстлари эр-хотинни дуо қилиш учун бирма-бир олд томондан уларга яқинлашадилар.

Фахрий меҳмонлардан, одатда, аввал куёв, кейин келин учун ўтказиладиган тепонг-тавар маросимида иштирок этишлари сўралади. Куёвнинг пешонасига олтин узук суртилади, сўнгра бу жойга бир бўлак гуруч уни ёки хушбўй сандал пастаси ёпиштирилади, шундан сўнг қўллар ва бошлар гул барглари ва гуруч доналари озгина сепилади. Баъзан эр-хотин хушбўй сув билан сепилади. Эр-хотин атрофида тўпланган кекса аёллар сизни маросим қадамларини тўғри кетма-кетликда ўтказишади ва маросим жиҳозлари билан нима қилиш кераклигини кўрсатадилар.

**Адабиётлар**


1. Кинг Виктор. Малайзия: обычаи и этикет. 2021. 21-25-б.
2. Малайзия. Источник https://pages.malaysiakini.com/may13/en/. Дата обращения 27.06.2020.
3. Политический атлас современности. Малайзия / Официальная идеология, идеологические расколы и конфликты. http://www.hyno.ru/tom2/994.html
4. Универсальная научно-популярная энциклопедия Кругосвет. 1997-2022 https://www.krugosvet.ru/enc/strany_mira/MALAZIYA.html.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада Малайзиядаги ижтимоий-маънавий муҳит ҳолати ва аҳолини маънан соғломлаштиришга хизмат қилувчи ташкилотлар фаолияти ҳақида ёритилди. Шунингдек, урф-одат ва қадриятлари, аҳолининг ижтимоий-маънавий ҳаёти таҳлил этилди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описывается состояние социальной и духовной среды в Малайзии и деятельность организаций, служащих улучшению психического здоровья населения. Также были проанализированы традиции и ценности, социальная и духовная жизнь населения.

**SUMMARY.** This article describes the state of the social and spiritual environment in Malaysia and the activities of organizations that serve to improve the mental health of the population. Traditions and values, social and spiritual life of the population were also analyzed.


## NÍZAM ÚSTEMLIGI HÁM KORRUPCIYAǴA QARSÍ GÚRESIW – PUQARALÍQ JÁMIYETIN RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ ÚSTEM SHÁRTI


**T.K.Kudaybergenova** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayansh so'zlar:** korruptsiya, halollik vakcinasi, qonun ustuvorligi, agentlik, murojaatnoma, konventsiya.

**Ключевые слова:** коррупция, "вакцина честности", верховенство закона, агентство, обращение, конвенция.

**Key words:** corruption, key of integrity, principle of law, agency, application, convention.


2020-jıl 29-dekabr kúni Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Oliy Majlis hám de Ózbekstan xalqına jollaǵan Múrájatnamasında mámleketimizdiń usı jıl hám onnan keyingi jıllardaǵı strategik rawajlanıw baǵdarları boyınsha ayrıqsha wazıypalar belgilendi. Ondaǵı ideya hám baslamalar deputatlar, senatorlar hám de xalqımız tárepinen kóterinki ruwxta kútip alındı. Sebebi, Múrájatnamada kóterilgen máselelerdi ámelge asırıw mámleketimizdi jáne de rawajlandırıw, Háreketler strategiyasında belgilengen keń túrdegi wazıypalardı ámelge asırıwdıń tiykarǵı basqıshı , logikalıq dawamı esaplanadı.

Múrájatnamada nızam ústemligin támiyinlew hám de onıń huqıqıy, ekonomikalıq, sociallıq, shólkemlestiriwshilik tiykarların jáne de kúsheytiwge qaratılǵan ideyalar ilgeri súrildi.

Nızam ústemliginiń támiyinleniwi huqıqıy mámleket-tiń tiykarǵi belgileriniń biri bolip, ol Ózbekstanda mámleket-huqıqıy qurılısınıń eń tiykarǵı principi bolıp ta esaplanadı.

Sol sebepten, Jańa Ózbekstandı qurıwda Konstituciya hám nızam ústemligin támiyinlew mámleketimizdi rawajlandırıwdıń baslı miyzanı sıpatında belgilep alındı.

Nızam ústemligi, ápiwayı qılıp aytqanda, nızamlarǵa ámel etiw degeni. Bul princip hár qanday rawajlanǵan mámlekettiń tırnaǵın quraydı. Nızam ústemliginiń áhmiyeti Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń III bap, 15-hám 16-statyalarında belgilep qoyılǵan. *Konstituciyanıń 15-statyasına muwapıq, «Ózbekstan Respublikasında Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamlardıń ústemligi sózsiz tán alınadı. Mámleket, onıń organları, hámeldar shaxslar, jámáát birlespeleri, puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa muwapıq is kóredi».*

Nızam ústemligi - demokratiyalıq jámiyet qurıwdıń tiykarı bolıp esaplanadı. Sonıń menen birge, ádalat ólshemi esaplanadı. Sebebi, nızam ústemligi támiyinlense ǵana ádalat qarar tabadı, insanlar milleti, tili, úrp-ádeti, dástúri, qádiriyatları, diniy isenimi, jınısı, sociallıq jaǵdayı sıyaqlılardan da teńlikke erisedi.

Sol orında Konstituciya hám nızamlar ústemligin támiyinlewdiń ekonomikalıq, siyasiy, ideologiyalıq, sociallıq, huqıqıy kepillikleri de bar ekenligin esten shıǵarmawı kerek.

Sonıń ushın da, Múrájatnamada joqarıdaǵı faktorlardıń hár birin kúsheytiwge qaratılǵan anıq usınıslar ilgeri súrildi.

Nızam ústemligin támiyinlewdegi eń úlken tosıq bul korrupciya bálesi esaplanadı. Sol ushın da korrupciyaǵa qarsı gúresiw máselesi Múrájatnamada itibar qaratilǵan oraylıq máselelerden biri boldi. Mámleketimiz basshısı bul haqqında "Korrupciya – bul mámleketimizdi ish-ishinen jep, milliy qáwipsizligimizge iritki salatuǵın júdá qáweterli kúsh hám oǵan qarsı keri gúres alıp barıw – barlıǵımızdıń minnetimiz esaplanadı" degen edi.

***Xosh, korrupciya ózi ne?***

***«Korrupciya»*** termini latınsha «corruptio» sózinen kelip shıqqan bolıp, etimologik mánisi «buzıw, satıp alıw» bolıp tabıladı. Usı eki sóz korrupciyanıń túsinigin belgilep beredi.

Korrupciyanı keń (sociallıq-filosofiyalıq) hám tar (sociallıq-yuridikalıq) tárepleriné qaray úyreniw múmkin. Keń mániste «Korrupciya» – buzılıw, krizisti bildiredi. «Korrupciya»: 1) jaman jolǵa baslaw, para ornına óz tárepine awdırıw; 2) buzılıw, kriziske júz burıw; 3) buzıqlıq; 4) shaxs ruwxıy jaǵdayınıń buzılǵanı, aynıǵanın ańlatadı.

Jáne basqa ensiklopedik dereklerde korrupciya «siyasat yaki mámleket basqarıwı tarawındaǵı jınayıy iskerlik bolıp, hámeldar shaxslar ózlerine berilgen huqıqlar hám hákimiyat imkaniyatlarınan jeke baylıq arttırıw maqsetinde paydalanıwdan ibarat», dep táriyplengen.

Biraq, Respublikamız nızamshılıǵı hám shet el mámleketler nızamlarında da «Korrupciya» túsiniginiń anıq anıqlaması joq. Korrupciyaǵa hámeldar shaxstı para ornına óz tárepine awdırıw sıpatında qaraw kerek, degen pikirdi kópshilik qollap-quwatlaydı.

Usı táriypten kórinip turıptı, hámeldar shaxslardıń para-xorlıq islewi, qumarlıq maqsetlerde xızmet dárejesin ózim-shelik penen talan-taraj etiwi, ózgeler múlkin talan-taraj etiwi hám ózlestiriwi korrupciya kórinisleri esaplanadı.

Joqarıda «korrupciya» túsinigine berilgen táriyplerdi ulıwmalastırǵan halda, oǵan sonday táriyp beriw múmkin: korrupciya – mámleket xızmetindegi hámeldar hám juwapker hámeldar shaxslardıń óz ámel dárejesi hám iyelep turǵan hám de ol menen baylanıslı bolǵan abroyınan jeke payda kóriw yaki bir topar shaxslardıń mápleri jolında jeke mápi maqsetlerinde paydalanıwdan ibarat sociallıq qáwipli qılmıslar jıyındısı bolıp tabıladı. Ámelden paydalanıw arqalı múlkti talan-taraj etiw yaki paraxorlıq jınayatları korrupciya jınayatshılıǵınıń eń qáwipli kórinisleri esaplanadı.

Korrupciya – bul jámiyetti túrli jollar menen iskenjege alatuǵın qorqınıshlı illet bolıp tabıladı. Ol demokratiya hám huqıq ústemligi tiykarlarına zıyan jetkeredi, insan huqıqları buzılıwına alıp keledi, bazarlar iskerligine qarsılıq etedi, turmıs sapasın jamanlastıradı hám adamlar qáwipsizligine abay etetuǵın jámlengen jınayatshılıq, terrorizm hám basqa hádiyseler tamırlasıp, gúllewi ushın sharayat jaratıp beredi.

Korrupciya sonısı menen qáwipli, ol sociallıq teńsizlikti júzege keltiredi, biznes júrgiziw qárejetlerin asıradı, demek, milliy ekonomikanı qarsılasqa shıdamsız etedi, arnawlı bir dárejede siyasiy qararsızlıqtı keltirip shıǵaradı. *Korrupciya-nıń sociallıq qáwipliligi tómendegilerde kórinedi:*

– ol jámiyettiń ruwxıylıq tiykarlarına zıyan jetkeredi, mámleket hákimiyatın xalıq aldında abroysızlandıradı hám narazılıqqa sebep boladı;

– ósip kiyatırǵan jas áwlad sanasın záhárleydi, «turmıs aldawshılıq hám jalataylıqtan ibarat eken», degen pikirdi payda etedi;

– sociallıq ádalatqa bolǵan isenimdi sóndiredi, puqaralardıń huqıqları hám nızamlıq mápleri buzılıwına alıp keledi;

– xalıqaralıq birgelikli jámiyette arnawlı bir mámleket haqqında jaman qıyallardı júzege keltiredi;

– jámlengen jınayatshılıqtıń mámleket xızmeti iskerligine kirip barıwına alıp keledi;

– Ádil sudlaw sistemasın izden shıǵaradı;

– jámiyetti demokratlastırıw hám jańalaw, mámleketti modernizaciyalaw processlerin páseytedi;

– ekonomikanıń rawajlanıwı hám bekkemleniwine jaman tásir kórsetedi;

– basqa kóplegen jaman sociallıq hádiyseler sıyaqlı, óziniń keń tamırlasıwına orın ajratadı, korrupsiya qansha tereń tamırlasqan bolsa, oǵan qarsı gúresiw hám onıń aqıbetlerin joq etiw sonshelli qıyınlasadı.

Hesh bir mámleket – ol meyli bay bolsın, meyli kámbaǵal – usı zıyanlı hádiyseden putkilley saqlana almaydı. Korrupsiya mámleketlik sektorda, jeke sektorda da ózin kórsetiwi múmkin. Biraq onnan tek ǵana bir tárep, yaǵnıy jámiyet zıyan kóredi. Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, korrupciyanıń rawajlanıp atırǵan mámleketlerde kámbaǵal adamlarǵa jetkizetuǵın ziyanı oǵada úlken.

*Rawayatlarǵa kóre, ótken zamanda bir patsha óz elindegi awhaldı, adalattı sınaw ushın sonday buyrıq beripti: "Bugin qarańǵı túskennen keyin tań atqansha hesh bir shańaraq qalmastan, barlıq er jetken puqaralar hár kim bir keseden qazanǵa sút akelip salsın!" Sóytip úlken eki qazan qurılıptı. Kún batqannan hámme qolında kesesi menen qazanǵa sút ákelip salıp baslaptı. Tań atıptı. Patsha óz xızmetkerleri menen qazandı ashıp kóriw ushın barıptı hám qazandı ashıwǵa buyrıq beripti. Qazandı ashıp qarasa eki qazanda da tek ǵana suw tolı eken. «Qarańǵıda meni heshkim kórmeydiǵo» dep hámme suw salıp ketken eken. Demek, hadallıqtı hár kim aldı menen ózinen, shańaraǵınan, basshı bolsa ózi hám kollektivinen baslawı kerek. Sonda ǵana jámiyetimizde bul illetiń aldın alamız.*

Mámleketimizde ótken dáwir dawamında korrupciya hám jınayatshılıqqa qarsı gúresiw hám de onıń aldın alıwǵa qaratılǵan bekkem huqıqıy baza qáliplestirildi.

2008-jıl 7-iyul kúni Prezidentimiz tárepinen Ózbekstan Respublikasınıń «Birlesken Milletler Shólkeminiń korrupciyaǵa qarsı gúresiw Konvensiyasına (Nyu-York 2003-jıl 31-oktyabr) qosılıwı haqqında»ǵı nızamı imzalandı. Sol sıyaqlı usı sociallıq emes hádiyseniń aldın alıw, oǵan qarsı gúresiw boyınsha xalıqaralıq májbúriyatlar qabıl etilgenligi belgili.

Ózbekstan Respublikasında kóp ǵana huqıqtı qorǵaw organları quramında korrupciya hám jámlengen jınayatshılıqqa qarsı gúresiwshi ayrıqsha dúzim hám bólimler qáliplestirildi.

Házirgi kúnde mámleketimizde korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha huqıqıy ólshemler jetilisip barmaqta.Usı jónelistegi itibarǵa tán isler qatarında korrupciyaǵa qarsı gúresiwdiń tolıq sisteması jaratılǵanın ayrıqsha atap ótiw kerek.

Jurtbasımız SH.Mirziyoev tárepinen bul illettiń aldın alıw boyınsha qatar usınıslar berildi. Ásirese, 2017-2021-jıllarda Ózbekstandı rawajlandırıwdıń bes turaqlı jónelisi boyınsha háreketler strategiyasında orın alǵan ekinshi turaqlı jónelis «Nızam ústemligin támiyinlew hám sud-huqıq sistemasın jáne de reformalawdıń ústem jónelisleri» dep atalıp, onıń 4-bántinde jınayatshılıqqa qarsı gúresiw hám huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw sistemasın jetilistiriwde korrupciyaǵa qarsı gúresiwdiń shólkemlesken - huqıqıy mexanizmlerin jetilistiriw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw ilajlarınıń nátiyjeliligin asırıw wazıypası qoyılǵan.

Al, 2017-jıl 17-yanvarda 34 statyadan ibarat «Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında»ǵı Nızamnıń qabıl etiliwi bolsa, mámleket apparatı hám puqaralıq jámiyeti institutlarınıń usı qáwipli illet penen gúrestegi kúsh hám imkanıyatların birlestiriw imkanın berdi.

Mámleketimiz basshısı ***"Hadallıq vakcınası"*** hám korrupciyaǵa qarsı gúresiwge tikkeley juwapker bolatuǵın ayırım organ shólkemlestiriw haqqında dáslep óziniń

Parlamentke Múrájatnamasında aytıp ótken edi. Keyinshelik bul pikirler 2020-jılǵı Mámleketlik dástúrde de óz sáwleleniwin taptı. 2020-jılǵı "Ilim, aǵartıwshılıq hám sanlı ekonomikanı rawajlandırıw" Mámleketlik dástúrdiń 53-bántine muwapıq, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtıń 2019-jıl 27-mayda (PF-5729-sanlı) Ózbekstan Respublikasında **"Korrupciyaǵa qarsı gúresiw dizimin jáne de jetilistiriw is-ilajları haqqında"**ǵı pármanı qabıllandı. Usı hújjet tiykarında mámleketimizde korrupciyaǵa qarsı gúresti dizimli ámelge asırıw maqsetinde 2020-jıl 29-iyunda Ózbekstan Respublikasında Korrupciyaǵa qarsı gúres agentligi iskerligin shólkemlestiriw haqqında PQ-4761-sanlı Prezident qararı qabıl etildi hám de **Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi** shólkemlestirilip, házirgi kúnde nátiyjeli jumıs alıp barmaqta. 2020-jıl 29-iyulda Akmal Burxanov Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi direktori etip tayınlandı.

Agentliktiń tiykarǵı wazıypası korrupciyanıń aldın alıw hám de oǵan qarsı gúresiw salasında mámleketlik siyasattı qáliplestiriw hám onı ámelge asırıw bolıp esaplanadı. Agentlik óziniń wazıypasın nızamlılıq, esapdarlıq, qalıslıq, ashıqlılıq, ashkaralıq principleri tiykarında mámleketlik organlar ham de hámeldar shaxslardan ǵarezsiz túrde ámelge asıradı. Agentlik óz wazıypaların ámelge asırıwda puqaralıq jámiyeti institutları menen birgelikte tıǵız baylanısta jumıs alıp baradı. Ózbekstan Respublikası **Korrupciyaǵa qarsı gúresiw Milliy keńesi** qararına muwapıq búgingi kúnde den-sawlıqtı saqlaw ham de mámleketlik sawda-satıq tarawı diziminde "**Korrupciyasız taraw"** joybarı ámelge asırılmaqta. Agentlik Konrad Adenaur jamǵarması, Evropa awqamı menen tıǵız baylanısta jumıs alıp barmaqta. Agentliktiń anıqlawına qaraǵanda 2020-jıldıń 9 ayı dawamında huqıqtı qorǵaw uyımları xızmetkerleri tárepinen 838 korrupciya jaǵdayları boyınsha jınaıy isler qozǵatılǵan. Bir ǵana 2020-jıl noyabr ayınıń ózinde agentlikke 209 múrájat kelip túsken.

Hár jılı 9-dekabr dúnyada "Korrupciyaǵa qarsı gúres kúni" sıpatında belgilenedi. Usıǵan baylanıslı 2020-jıl noyabr-dekabr aylarında Ózbekstan Respublikası Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi tárepinen **"Korrupciyanı birgelikte jeńemiz!"** atamasında tańlaw ótkerildi. Bul tańlawdıń **"Eń jaqsı socialliq videorolik ushın"** nominacıyasında Qaraqalpaqstanlı jerlesimiz Nurmuxammed Jumagulov óziniń **"Pora+qarg'ish"** roligi menen tańlaw jeńimpazı dep tabıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń 2020-jıl 29-dekabrdegi Oliy Májliske Múrájatnamasında usı illetke qarsı gúresiwge barlıq mámleketlik organlar, siyasiy partiyalar, jámáátlik shólkemler, ǵalabalıq xabar quralları, ulıwma, hár bir puqara juwapker ekenligi ham de hár bir puqara ***"Hadallıq vakcınası"*** menen qurallanıwı kerek ekenligi aytıp ótilgen. Sebebi, jámiyette korrupciyaǵa qarsı kúshli immunitet qáliplespes eken jámiyet bul illetten qutıla almaydı.

Usı baǵdarda tómendegi tiykarǵı wazıypalar belgilep berilgen. Bular:

**Birinshiden,** korrupciyaǵa qarsı gúreste úgit-nasiyatlawdan nátiyjeli paydalanıw kerek ekenligi aytılǵan.

**Ekinshiden,** korrupciyaǵa qarsı gúreste ashıqlıq hám ashkaralıq mexanizmlerinen nátiyjeli paydalanıw kerek.

**Úshinshiden,** mámleketlik xizmetlerge kadrlardı tańlaw hám de jumısqa qabıllawdıń ashıq dizimin jolǵa qoyıw sisteması tolıq iske túsiriliwi kerek. Bul korrupciyaǵa qarsı gúresiwdiń nátiyjeli qurallarınıń biri.

Demek, usı sistema tiykarında kadrlardı tańlawda eski usıllardan waz keship, olardıń intellektual jetiskenligin, ruwxıy pázıyletlerin bahalaytuǵın ashıqlıq hám áshkara tańlaw sisteması járiyalanadı. Sonday-aq, korrupciyanıń aldın alıw boyınsha mámleketlik xızmetshilerdi turaqlı túrde oqıtıw hám bahalap barıw sisteması jolǵa qoyıladı. Múrájatnamasında belgilengenindey mámleketimizdiń korrupciyaǵa qarsı gúresiw siyasatı turaqlı túrde dawam etedi. Bunda, álbette mámleketlik xızmetshilerdiń ádep-ikramlılıǵı, hadallıǵı, korrupciyaǵa kelisim bermewi ayrıqsha rol oynawı lazım.

**Ádebiyatlar**

1. O'zbekiston Respublikasi Prezidenitining 2017 yil 7 fevraldagi "O'zbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bo'yicha Harakatlar strategiyasi to'g'risida"gi Farmoni. / "Xalq so'zi", 2017, 8 fevral.
2. O'zbeksiton Respublikasining "Korruptsiyaga qarshi kurashish to'g'risida"gi qonuni. 2017 yil 3-yanvar, O'zbekiston Respublikasi Qonun hujjatlari ma'lumotlari milliy bazasi – www.lex.uz.
3. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining "O'zbekiston Respublikasida korruptsiyaga qarshi kurashish tizimini takomillashtirish bo'yicha qo'shimcha chora-tadbirlar to'g'risida"gi Farmoni. // Qonun hujjatlari ma'lumotlari milliy bazasi, 30.06.2020 y., 07/20/4761/1001-son.
4. O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.Mirziyoevning Oliy Majlisga Murojaatnomasi. 2020 yil 29dekabr. // Manba: www.president.uz.

**REZYUME.** Maqolada qonun ustuvorligi va korruptsiyaga qarshi kurashish-fuqarolik jamiyatini rivojlantirishning ustuvor shartli ekanligi, korruptsiyaga qarshi kurash, uning ahamiyati hamda natijalari haqida so'z yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о верховенстве закона и о противодействии коррупции, как о приоритетном условии развития гражданского общества, о значении и результатах противодействии коррупции.

**SUMMARY.** This article discusses the rule of law and the fight against corruption as a prerequisite for the development of society, the fight against corruption, its necessity and consequences.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТЕАТРЫНЫҢ ПРОФЕССИОНАЛЛЫҚҚА ӨТИЎИНДЕ ДӘСЛЕПКИ АДЫМЛАР (1930-1939)

**С.М.Пирназаров –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** театр, режиссёр, режиссура, томоша, санъат, тарих, драматург, драматургия.
**Ключевые слова:** театр, режиссёр, режиссура, спектакль, искусство, история, драматург, драматургия и др.
**Key words:** theater, director, directing, performance, art, history, playwright, drama.

1930-жылдан баслап, усындай театр турмысында үстемлик сүрип келген, сахналық саўатсызлыққа тыйым салына баслады. Буның тийкарғы себеби, 1930-жылы Қарақалпақ театр тарийхында кескин өзгерис жылы болды. ВХП (б) оныншы съезди қарарына муўапық ески советлер аўқамының қарамағындағы барлық миллий Республикаларда миллий театрлар пайда бола баслады. Соның менен бирге, оларға барлық мәмлекетлик мәкемелер қатары, мәмлекетлик театр деген лаўазымлар (статуслар) бериле баслады. Мине, усы пүткил аўқамлық тарийхий ҳүжжетке муўапық, 1930-жылы декабрьде, бурынғы "Таң нуры" труппасының тийкарында Қарақалпақ мәмлекетлик театры пайда болды. Қарақалпақ театрының мәмлекетлик театр дәрежесине көтерилўи оның бәринен де бурин профессионаллық театрлар басқышына өтиўине тийкар салды [1].

Әне оннан соң Ә.Өтепов үлкен сахнаға шыға баслады, Ә.Өтепов 1934-жылға шекем көплеген спектакльлерге режиссёрлық етип келди. 1930-жылға